



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



12 Janvyè 2021

Nou Salye Anplwaye, Fanmi, ak Siveyan/Gadyen Lekòl Piblik Distri Vil Orange yo,

Sante, sekirite, ak byennèt kontinyèl kominote lekòl nou an se pi gwo priyorite nou nan Konsèy Depatman Edikasyon an, administrasyon, fakilte, ak anplwayen nou yo nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan. Distri a gen règleman an plas pou adrese byennèt tout elèv ak anplwaye yo. Règleman 8451 an adrese Kontwòl Maladi Transmisib yo. Kòm yon distri, n'ap kontinye kontwole alèt yo nan Depatman Edikasyon New Jersey a, Depatman Sante nan New Jersey, ak Sant pou Kontwòl Maladi nan tout sans lokalman ak nasyonalman.

Madi 8 Septanm 2020 an, nou te kòmanse ane a nan Faz 1- nan yon espas vityèl pout moun anplwaye ak elèv yo.

Se te Senkronik, nan moman sa a, ansèyman ak aprantisaj yo te pran plas pandan orè jounen an (8:30 AM - 12:30 PM). Orè biwo yo ak ansèyman/aprantisaj nan tigwoup yo te fèt ant 1:00 PM a 3:00 PM nan tout distri a.

Sa ki annapre yo se te aspè nan Faz 1 an:

- ✓ Lekòl yo te entansifye fòmasyon anplwaye yo, paran, ak elèv yo ki te konsantre sou apwouve platfòm dijital yo
- ✓ Pwofesè yo te revize pèfòmans yo ak konesans ki pi kritik pou chak matyè ak nivo klas yo avèk elèv yo
- ✓ Pwofesè yo te evalye aprantisaj elèv yo ki pat acheve, tankou nan bay sipò akselere
- ✓ Lekòl yo te entegre pwogram chòk enfòmè / SEL nan pwogram enstriksyon tradisyonèl yo
- ✓ Lekòl yo te distribyè resous ansèyman esansyèl ke pwofesè yo te dwe genyen lakay yo selon nivo klas yo
- ✓ Lekòl yo te distribyè materyèl "ekri an lèt detache" ke elèv yo te bezwen pou ansèyman lakay yo
- ✓ Lekòl yo te distribyè materyèl endividyalize pou itilizasyon elèv yo (manipilati, founiti atizay, materyèl laboratwa pou syans/STEM, linèt pwoteksyon), kòmande plis pwovizyon pase tan nòmal
- ✓ Lekòl yo te devlope orè aprantisaj senkwonik adistans
- ✓ Distri a te apwovizyonè tout lekòl yo ak biwo distri yo ak materyèl PPE ak sekirite

Lendi 5 Oktòb 2020 an, distri a te anvansè nan Faz 2 (Aprantisaj Senkwonik Adistans lan) kote anplwa yo te retounan sou plas epi elèv yo te rete nan enstriksyon/ansèyman adistans. Nan Faz 2 aprantisaj senkwonik adistans lan, pwofesè yo te rapòte sou plas 2 jou pa semèn nan bay ansèyman senkwonik vityèl nan espas salklas kit e deziye yo. Sipò anplwaye yo (*konsèy, CST, founisè sèvis ki gen rapò, travayè sosyal yo, prezans ofisye yo*) enfimyè yo, kowòdonatè teknoloji yo, ak sekrete yo te soup la 4 jou pa semen. Webcam/ Kamera pou Entènèt yo te itilize pandan enstriksyon pou elèv k'ap aprann lakay yo. Pwofesè yo te rapòte sou plas pou longè jounen lekòl la. Anplwaye yo te kontinye swiv orè a pou tout tan planifikasyon ankomen an (devlopman pwofesyonèl) ak lòt planifikasyon pou lòt lè.

Apati de 12 Janvyè 2021, Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan, apre diskisyon ak ofisye sante yo, te deside pwolonje Faz 2 Ansèyman Senkwonik Adistans lan nan Plan pou Retounen nan Lekòl la.

Ankò, sante ak sekirite tout elèv yo ak anplwaye yo se chofè prensipal yo konsènan desizyon sa a. Sa ki annapre a se orè a konsènan faz yo nan fen ane lekòl la. Ankò, sante ak sekirite tout elèv ak anplwaye yo se prensipal priyorite konsènan desizyon sa a. Sa ki annapre a se orè a konsènan faz yo jiska fen ane lekòl la. Si ta gen nenpòt chanjman ki fèt, tout fanmi ak anplwaye yo ap resevwa tout enfòmasyon sou kesyon planifikasyon.

Nouvo Delè pou Faz 2 a 4 yo (Efektif/Kòmanse: 12 Janvyè 2021 an)

- **Kontinyasyon Faz 2 a jiska 26 Fevriye 2021: Lekòl yo ap louvri de jou pa semèn avèk Direktè, Asistan Direktè / Dwayen Elèv yo ak sekrete yo ki rapòte sou plas pou kenbe fidelite ak kontinwite pwogram yo Biwo Santral la ap louvri 4 jou pa**

semèn. Remake byen: Chèf Depatman yo ap diskite sou orè ak ekip yo. Remak Espesyal: Kowòdonatè Teknoloji yo ak elèv k'ap fè tès nan zòn Sèvis Espesyal yo ap resevwa orè pa sipèvizè imedyat yo nan sipò distri a.

- Semèn 22 Fevriye a, pwofesè yo ak anplwaye sipò yo pral rapòte nan bilding yo pou preparasyon zòn yo an atandan elèv yo rive nan dat premye Mas 2021 an.
- Faz 4 la, premye Mas 2021 - 24 Jen 2021: Tout anplwaye ak elèv yo ap retounen nan yon anviwònman ibrid (aprantisaj konbine sou plas ak aprantisaj vityèl) ak orè ki repati pou sa.

Menm si nou toujou ap navige nan "nouvo nòm" lan nou an, anplwaye yo kontinye travay sere sere ak elèv yo. Anplis de sa, pwofesè yo kontinye travay ansanm avèk kòlèg yo pou asire pwosesis enstriksyon yo prezante bay elèv yo nan diferansyasyon, nan gwoup limite, ak entansyonèl. Atravè opòtinite devlopman pwofesyonèl ak kolaborasyon, pwofesè yo prepare pou edike elèv nou yo nan espas vityèl sa a.

Pandan tout nan ane sa a, imèl reopeningofschoools@orange.k12.nj.us la ap rete entak pou reponn kesyon ke ou ka genyen pandan eksperyans inik sa a. Pandan ke repons imèl yo souvan retounen nan kèk èdtan apre yo voye yo, tanpri pèmèt 24 èdtan pou yon repons imèl. Li trè enpòtan pou nou kenbe anplwaye ak fanmi yo enfòm, patikilyèman pandan moman sa yo. Mwen vle pran moman sa a pou'm remèsye fanmi nou yo pou imèl nou depi Lendi 4 Janvyè 2021 an nan entansyon ki konsènen aprantisaj adistans lan. Nou sètènman nan sa a ansanm. Mwen konfyan ke nou pral kontinye flann yon santye ki ranpli ak siksè ak akonplisman pandan tout ane lekòl sa a ak apre.

Edikasyonèlman,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Supèntandan Lekòl yo